

# 1,000 Liv Anvan Klas Matènèl

Nivo 10, 901-1,000

## CHANTE


Chante yo se yon fason mèveye pou timoun yo aprann sou lang epi tande nouvo mo. Chante ralanti lang nan pou timoun yo kapab tande diferan son ki fè mo yo. Sa ede timoun yo lè yon kòmanse li lang ki ekri. Chante chan yo epi jwe mizik pou timoun ou.

### Liv ki Sipòte Chante:

- Liv Rim
- Liv ak son zannimo yo
- Rim Gadri
- Liv moun ka chante



**Tanpri ranpli yon boul pou chak liv ou li.**



Felisitasyon! Ou li 1,000 liv yo! Remèt fèy sa nan bibliyotèk la pou reklame etikèt ou a ak sètikifa.

# Aktivite ki bay plezi pou eseye lakay ou:

**Souke bagay yo!** Mete yon ti kantite gress diri sèk, pwa, metal kout, sann oubyen ti wòch nan yon boutèy plastik pou fè tchatcha yo. Kole bouchon boutèy la djanm. Ranfòse bouchon boutèy yo ap mòso adezif. Kite timoun ou esplore diferan son tchatcha a fè.

**Desine ak mizik.** Kole mòso papye ki laj sou yon tab oubyen atè a. Mete kreyon disponib pou timoun ou. Jwe kalite mizik ki patikilye, tankou djaz (jazz), opera oubyen mizik lakanpay (country) epi gade kisa mizik la enspire nan chak desen timoun nan fè. Repete ak diferan mizik.

**Ajoute mouvman sou mizik la.** Bay timoun ou riban ak foul a epi mete mizik pou yo pou yo ka danse. Eseye aktivite sa pandan w ap itilize diferan kalte mizik ak vitès ki varye.

**Fè yon kib chan!** Kole yon ti bwat kare (lajè yon bwat papye tisi) epi kouvri ak papye. Ekri non epi fè desen sis diferan rim gadri oubyen chante (egzanp: yon zetwal pou "ti zetwal k ap mouri limen, mouri limen" oubyen yon bis pou chante a "Volan ki nan bis la") Mande timoun ou pou l'woule bwat la epi chante yon chan oubyen yon rim ansanm.

**Danse ak ti bebe ou la.** Ede ti bebe yo souke kò yo pandan y ap tande mizik. Balanse jantiman sou mizik ki dousman yo epi kenbe ti bebe yo kole sou ou pandan w ap danse sou rit ki pi vit la. Ou kapab mete ti bebe yo atè epi ede yo souke janm yo ak bra yo sou rit chan an.

**Konsèy pou lè ou okipe:** Kreye kèk lis mizik timoun ou an pi renmen ki genyen rit ki ale vit pou lè ou vle chante epi danse epi chan ki dousman pou domi epi pase tan nan silans pandan ou okipe. Tcheke epi telechaje mizik pou timoun yo atravè sèvis gratis libreri a bay pou tande chan ak son ki soti nan diferan peyi.

## 5 liv prefere m yo:

---

---

---

---

---

